*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№73-74
(9620-9621)

2014 соналъул
*17 октябрь*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## ОБРАЩЕНИЕ

### к садоводам, виноградарям, трудовым коллективам, джамаатам Республики Дагестан

**Уважаемые друзья!**

Дагестан веками славился как родина садоводов и виноградарей. Еще в XVII веке путешественники называли Дагестан "краем цветущих садов". Здесь были созданы многие садоводческие культуры, в том числе гергебильские, ботлихские, хаджалмахинские абрикосы, могохские персики и виноград, гимринская хурма, ахтынские и кайтагские яблоки...

Садоводство являющееся традиционной отраслью сельского хозяйства и сегодня имеет большую значимость для развития экономики республики. В лучшие годы оно обеспечивало 6 процентов валовой продукции аграрного сектора, высокая эффективность отрасли позволяла решать социально-экономические проблемы села.

К сожалению, в девяностых годах прошлого столетия, в силу известных дезинтеграционных процессов в стране началось разрушение отрасли садоводства- в том числе и в Дагестане. В нынешних условиях, когда возрастает роль республики как производителя качественной плодоовощной продукции, считаю необходимым обратиться ко всем дагестанцам, проживающим в горных и предгорных районах, с призывом заняться в родовых и общинных землях закладкой новых садов либо реконструкцией пришедших в запустение.

Также обращаюсь к работникам бюджетных учреждений, молодежи, представителям общественных организаций, религиозных объединений: активно включайтесь в процесс возрождения горно-долинного садоводства и виноградарства. Призываю и тех, кто покинул родные места и ныне работает в других регионах, вернуться в свои села для закладки садов и виноградников.

Уже сегодня надо всесторонне проработать вопросы подготовки посадочного материала районированных плодовых культур, и, если необходимо, закупить их за пределами республики. Кроме того, важно определить меры морального и материального стимулирования передовых садоводческих, виноградарских коллективов, эффективных виноградарей и садоводов.

В ряду первоочередных шагов в кратчайшие сроки следует определиться и с комплексом мер, направленных на создание и реконструкцию межрайонных перерабатывающих предприятий по примеру Кикунинского консервного завода в Гергебильском районе.

В прошлом году силами Дербентского завода игристых вин и Дербентского коньячного завода была успешно предпринята посадка виноградников на 2 тысячах гектаров земли (в два раза больше, чем в 2012 году), что позволило вернуть к полноценной жизни села Берикей и Салик, поселек Мамедкала Дербентского района.

Важно, не откладывая, сегодня же приступить к закладке садов и виноградников, а весной будущего года- продолжить начатые работы. В целях мобилизации средств и усилий всей республики в возрождении садоводства объявляю 2015 год в Республике Дагестан **Годом садов Дагестана.**

**Глава Республики Дагестан Р. Абдулатипов.**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**от 13 октября 2014г. №45 с. Ботлих**

**О мерах по реализации приоритетных проектов развития Республики Дагестан в 2015 году**

В целях исполнения Указа Президента Республики Дагестан от 14 июля 2014 года №144 «О реализации приоритетных проектов развития Республики Дагестан» администрация муниципального района **постановляет:**

1.Утвердить планы мероприятий по реализации приоритетных проектов развития Республики Дагестан на 2015 год:

1.1. «Обеление» экономики» согласно приложению №1;

1.2. «Точки роста», инвестиции и эффективное территориальное развитие» согласно приложению №2;

1.3. «Новая индустриализация» согласно приложению №3;

1.4. «Эффективное государственное управление» согласно приложению №4;

1.5. «Безопасный Дагестан» согласно приложению №5;

1.6. «Эффективный агропромышленный комплекс» согласно приложению №6;

1.7. «Человеческий капитал» согласно приложению №7.

2. Утвердить прилагаемый список руководящих работников, персонально ответственных за реализацию приоритетных проектов развития Республики Дагестан и выполнение планов мероприятий.

3. Отделу экономики и прогнозирования обеспечить свод информации для представления в органы государственной власти Республики Дагестан.

4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации Заурбекова Д.А.

**Глава администрации Л. Балдугов**

## ДИЦА РАХЪ ККОЛА ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ БЕТIЕРАСУЛ ХИТIАБАЛЪУЛ

«Гъудуллъиялда» лъезеян редакциялде бачIарабго цIалана дица Дагъистаналъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул Республикаялъул ахихъабазде, захIматалъулал коллективазде ва жамагIатазде бугеб ХитIаб. ГIемер хIалбихьи бугев чи хIисабалда, дица ракI-ракIалъго рахъ ккола Дагъистаналъул БетIерасул ахIиялъул. Божарав вуго, Дагъистаналъул гъумер хисизабизе гьелъ квербакъизе букIиналдаги.

Республикаялъул БетIерасул гьеб ХитIаб цIалидал дун пикрабаздалъун тIадвуссана, доб ракьги хIалтIизабулеб, гьениса чIахIи-чIахIиял доходал-бачIиналги щолел, росабазул гIадамаз гурун гъуждулгун хIалтIизеги хIалтIун тIощелги, овощалги, пихъалги ва гIемерал цогидал тIагIамалги гIезарулел рукIараб доб, пачалихъияб гIадлу-низамги букIараб, цIикIкIарасел гIадамазул хасго гIагарлъиялъул ракIазулъ, гьанже гIадин гъурущги, сихIру-макруги, ццидаххинги, жахIда-хIусудги, хъантIиги, гIадамазде тIаде къварилъи-квешлъи бачIиналда рохиги, рухIиябгун нравственнияб гIодобегIанлъиги, язихъаб гIамал-хасият гурел, тIадегIанаб гIаданлъиги, гIадамазул гIадаб хьвада-чIвадиги букIараб советияб заманалде. Гьединго вачана цо-цо гIадамазул хьвада-чIвадиялда релълъун язихъаб хIалалда ругел ах-хуараздеги.

Дирго пикруялда, Дагъистаналъул БетIерас гьеб ХитIаб гьабун батилин ккола, гIицIго нилъер районалъул хурухъабазегун ахихъабазе. Районалъул росабалъ гIемерал ругелъул умумузул рухIал барщулел хIалалда рехун тарал ахалгун хурзал. Ахикьгун хурив хIалтIи, гьелъие хIажатаб хъулухъ гьаби гIодобегIанаб ишлъун рикIкIунеб буго цо-цояз.

ХитIаб гьабичIониги, ахираб заманалда районалъул бетIер М. ПатхIулаевасул тIалабалдалъун гъутабазда тIощалие бекьулеб ракь чанго нусго гектаралъ цIикIкIинабуна. Амма, СПКязул (колхозалъул) бутIрузул жавабчилъи гIолеб гьечIо ракьаздасан пайда босиялъе ругел ресал хIалтIизариялъе. Гьединлъидал жеги лъикIлъизабизе кколеб хIалалда буго гъутабазда ракь хIалтIизабиялъул рахъ.

Гьенир ругел гIемерисел магIишатаз бигьаяб нух тIаса бищун буго херги бичун гIицIго жиде-жидеего гIураб къадаралда магIишат гьабун чIезе. Цебе гьеб хер хIалтIизабулаан гъутабазда гIи-боцIухъанлъи цебетIезабиялъе.

Гьанже ракь сверун буго хIалтIизабулареб хазинаялде. Гьенир тадбирал гьаризе ккола пачалихъалъ. Гьединал ракьал пачалихъалъ магIишатазухъан ва хасал гIадамазухъан нахъеги росун хIалтIизабулезухъе кьезе лъикI букIинаан.

Балъхъадерилилан бичулеб букIуна Ираналъулги Польшаялъулги пихъ МахIачхъалаялъул рыноказда. Щай гьедин бичулеб бугеб? Щай гурого нилъер пихъ качествоялъул рахъалъа цIакъго лъикIаб бугелъул.

Щивас ах-хур цIи гьаби, гьениса щолеб пайда цIикIкIинаби ккола нилъерго гIумруялъулаб даража лъикIлъизабилъун. Гьеб рахъалъ цIикIкIун хIалтIи гьабизе ресал руго батIаго Болъихъ, МигIарсо, АнсалтIа, РахатIа, Муни ва Кьохъ росабазул гIадамазул. Гьелго росабалъ руго жидедасан мисал босизе мустахIикъал, дагьал ругониги, гIадамал.

АнцI-анцI сонал руго гIи-боцIи хьихьулезе пачалихъалъ дотацияби кьолелдаса нахъе. Амма пачалихъалъул гьел гIарцаз рецIел кьолеб гьечIо. Гьелдеги балагьичIого ритIаралги мекъалги нухаздалъун гьеб къагIида хIалтIулебги буго.

Щай бегьулареб, гьеб къагIида ах-хур хIалтIизабиялдаги хIалтIизабизе. Гьениб рецIел цикIкIараб букIине букIин хIакъаб буго. Гьелъ кIудияб квербакъи гьабизе букIанаан ракь хIакъикъаталдаги бечелъиялъул иццлъун букIине. Дир пикруялда гьеб гьедин букIинеги кколелъул. Щай гурого хур-хер кколелъул гIи-боцIухъанлъи цебетIезабиялъе базалъун, ай аслияб шартIлъун. ТIоцебе-хур ах, хадуб-гIи-боцIи! Гьединлъидал лъикI букIинаан гьеб пикру районалъул бетIерас Дагъистаналъул БетIерасда цебе лъунани.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ, журналист.***

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**от 24 апреля 2014г. № 184**
**г. Махачкала**

### О мерах по организации добровольной сдачи гражданами незаконно хранящихся огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ

В целях организации добровольной сдачи гражданами незаконно хранящихся огнестрельного оружия) боеприпасов и взрывчатых веществ Правительство Республики Дагестан **постановляет :**

1. Рекомендовать Министерству внутренних дел по Республике Дагестан:

провести с 1 мая 2014 года по 31 декабря 2014 года на территории Республики Дагестан операцию «Оружие» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящихся огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ;

провести агитационную работу через средства массовой информации с разъяснением мер материального стимулирования, порядка добровольной сдачи незаконно хранящихся огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ, освобождения граждан от ответственности в соответствии с законодательством;

организовать прием у населения добровольно сдаваемых огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ, оформление и передачу материалов (актов, реестров) в Министерство юстиции Республики Дагестан.

2. Министерству юстиции Республики Дагестан:

производить выделение средств гражданам по мере представления соответствующих материалов Министерством внутренних дел по Республике Дагестан о фактически добровольно сданных гражданами огнестрельном оружии, боеприпасах и взрывчатых веществах путем перечисления на открытые ими счета в кредитных учреждениях;

обеспечить текущий и последующий контроль за начислением и выплатой вознаграждений.

3. Утвердить стоимость огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у граждан согласно приложению.

4. Признать утратившими силу:

постановление Правительства Республики Дагестан от 25 октября 2007 г. № 290 «О мерах по организации добровольной сдачи гражданами незаконно хранящихся огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ» (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2007, № 16, ст.775);

постановление Правительства Республики Дагестан от 13 марта 2008г. № 61 «О внесении изменения в постановление Правительства Республики Дагестан от 25 октября 2007 г. № 290» (Собрание законодательства Республики Дагестан, 2008,№ 5, ст. 170).

5. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на Министерство юстиции Республики Дагестан.

**Председатель Правительства Республики Дагестан А. Гамидов**

ПРИЛОЖЕНИЕ
к постановлению Правительства
Республики Дагестан

от 24 апреля 2014 г. № 184

**СТОИМОСТЬ**
**огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у граждан**

| № п/п | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет или револьвер | 15000 |
| 2. | Автомат | 20000 |
| 3. | Пулемет | 25000 |
| 4. | Подствольный гранатомет ГП-25 и ГП-30 | 15000 |
| 5. | Гранатомет РПГ-7, 7В и 27 | 17000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет РПГ-18, 22, 26, 27 | 15000 |
| 7. | Винтовка СВД | 25000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 15000 |
| 9. | Охотничий карабин | 6000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 3000 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1000 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1000 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 2000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 500 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др.) за 1 грамм | 5 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 2000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель в шт., огнепроводные и электропроводные шнуры в м) за единицу | 200 |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 2000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 2000 |
| 20. | Огнемет РПО-А | 10000 |
| 21. | Выстрел к гранатомету (ВОГ-30, 25, 25П) | 1500 |
| 22. | Граната (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42) | 1500 |
| 23. | Мина инженерная (саперные мины) | 1000 |
| 24. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 5 |

# ПРОВОДИТСЯ ОПЕРАЦИЯ «ОРУЖИЕ-ВЫКУП»

С 10 июня по 31 декабря на территории республики в соответствии приказом МВД по Республике Дагестан от 30 мая 2014г. № 1020 проводится операция «Оружие-выкуп», по возмездному выкупу у населения незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

Действия сотрудников полиции при регистрации заявления и приему оружия от населения, осуществляются в следующем порядке:

Прием и первичное оформление добровольно сданных предметов вооружения осуществляется оперативным дежурным в территориальном органе по месту их сдачи.

При приеме оружия у населения необходимо выдавать гражданам, добровольно сдавшим в ОМВД на возмездной основе незаконно хранящееся огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые материалы, следующие документы:

1. Копию заявления о добровольной сдаче оружия;

2. Квитанцию, предусмотренную приказом МВД России от 17 декабря 2012г. № 1107 (Согласно пункту 20 указанного приказа квитанцию необходимо отдельно оформлять на каждую единицу оружия, боеприпасы и патроны к оружию одного вида, калибра, партии изготовления, завода изготовителя и года изготовления, а также на каждую единицу взрывных устройств и взрывчатые вещества);

3. Копию постановлений об отказе в возбуждении уголовного дела. После получения указанных документов гражданин, добровольно сдавший оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства, обращается в Министерство Юстиции Республики Дагестан (далее Минюст РД) с заявлением, оформленным по форме согласно (приложению № 1), с приложением копий следующих документов:

- копии паспорта;
- копии страхового свидетельства государственного пенсионного страхования (при наличии);
- копии свидетельства о постановке на учет в налоговом органе физического лица по месту жительства на территории Российской Федерации (при наличии);
- копии заявлений о добровольной сдаче оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ или взрывных устройств в ОМВД;
- квитанции на принятое в органе внутренних дел Республики Дагестан оружие, боеприпасы, взрывные устройства, взрывчатые вещества;
- постановление об отказе в возбуждении уголовного дела.

Заявление и прилагаемые к нему документы могут быть представлены в Минюст РД лично гражданином, по адресу г.Махачкала, ул.Гагарина, тупик № 6, либо направлены по почте.

Денежная выплата осуществляется за счет средств, предусмотренных республиканским бюджетом Республики Дагестан на финансирование государственной программы Республики Дагестан «Обеспечение общественного порядка и противодействие преступности в Республике Дагестан на 2014-2017 годы», утвержденной постановлением Правительства Республики Дагестан от 13.12.2013 г. № 661.

Выплата денежных средств осуществляется Минюстом РД в размере, установленном в таблице (приложение № 2) гражданам, добровольно сдавшим незаконно хранившееся у них оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства, достигшим 18 лет, местом постоянной регистрации которых является Республика Дагестан.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии либо непригодном для использования по основному назначению.

При не подтверждении права гражданина на получение денежной выплаты Минюст РД направляет заявителю почтой письмо об отказе в денежной выплате с указанием причин этого отказа.

МУГIАЛИМ



# Баркула киналго районалъул мугIалимзабазда, гьезул профессионалияб байрам къо



Хириял мугIалимзаби, баркула нужеда Учителасул къо. Гьебги гьоркьоб ккун абизе бокьун буго, цIакъ захIматаб, гьелдаго цадахъ бищунго кIвар цIикIкIараб масъала буго нужеда тIад ва цебе лъун. Гьеб ккола инсан куцай, гьев гIезави, гьесда гIелмудал нухде тIоцересел галиби тIамизари. ТIокIабги кIвар цIикIкIараб борч кинабха букIинеб. Гьеб нужеца ракIбацIцIадго тIубазабулебги буго.

Баркала буго нужее учителасул тIадегIанаб цIарги борхатго цIунун гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб лъайги, нравственниябгун патриотикияб тарбия лъайги кьеялъухъ.

Баркула нужеда цоги нухалъ мугIалимасул къо. Гьарула щулияб сахлъи, халатаб гIумру хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби!

**Глава МО «Ботлихский район» Патхулаев М.М.**



*В селении Годобери Ботлихского района прошло торжественное открытие реконструированного школьного учебного корпуса*



*Коллектив Ботлихского управления народного образования в гостях у Народного поэта Дагестана Абасил Магомеда.*




*В Тлохской общеобразовательной школе Ботлихского района прошло мероприятие «Знаменитые люди района», посвященное 85-летию со дня рождения заслуженного учителя школы ДАССР С. С. Шамсудинова*



Дорогие учителя, работники и ветераны педагогического труда. Хочу от всего сердца поздравить вас с профессиональным праздником - С днем учителя!

Дорогие коллеги!

Я желаю вам крепкого здоровья, творческих успехов в воспитании молодежи, новых достижений и побед, неисчерпаемого источника вдохновения, а также талантливых и благодарных учеников. Успехов во всех начинаниях, во благо процветания родного нам всем Ботлихского района.

С праздником Вас!

**Измаилов Г.М. нач. РУНО Ботлихского района.**

# КIУДАВ ИНСУДАСАН ИРСАЛЪЕ ЩВАНА



Квешав инсан данде ккани, бухьараб сапарги биххун, нахъ руссунаан некIо гIадамал. Гьанже гIамалалги, гIадаталги,толел ругеб заманалда, хас гьарун гьединал жалазде кIвар кьолеб гьечIо. Гьай-гьай гьеб мекъин буго, гIелмуялъ цин чIезабураб бугелъул, аура абун инсанасдасан нилъеда бахунеб баркат гьечIолъи букIунилан. Цойги рукIуна гIадамал, гIагарал гьечIониги, рихьизе рокьулел, рагIизе хириял,рекIел къварилъаби, къан гъоцIоца ккурал гIадин, чорхолъа рахъулел, данде ккаралго яги аскIосан унаго. Жакъасеб дир очеркалъул аслияв бахIарчи вуго, Кьохъ росдал школалъул тарихазул дарсал кьолев мугIалим, ГIабдулмажидов Шамсудин.Щибха гьесул тIокIлъи, тIадаб ишги гьабун, гьеседа релълъаралго гIадин, гIелму малъи гуребан бачIине бегьула суал. Сабурлъи, гIодов виччай, гIадан кIалъалелъул, кIвар кьун гIенекки, гьеб гуребги, намус-яхIалъги махIрум гьавун гьечIолъи. Гьай-гьай кинавха вижине кколев вукIарав Шамсудин, щколалъе тIолабго гIумру кьурал, кьучI лъурал, Щамсудиновазул наслуялда? Мунагьал чураяв Р.ХIамзатовасул руго гьадинал рагIаби.» Дие инсудасан ирсалъе щвана, дуде бугеб рокьи бокьулеб ВатIан» абун. БатIияб гIумрудул нух тIаса бищизе, щаялиго пикруго жиндирги ботIролъе бачIинчIин, мугIалимлъи гуребан абуна Шамсудиница. Щив лъундай гьав вукIине бегьулаанилан гьабуна дицаго пикру. Квешав милиц?. Йохъ!. ЛъикIав судья? Лъаларо, лъикIалги квешалги «ГIасокъида» лъала. Кьварарав прокурор? Гьебги гьасул гьечIилан гьабуна пикру. Предприниматель?.



Курак бичулевги цеве чIезавизе кIоларо. ВукIине бегьулаан гьав, психологглъун лъималазул тохтурлъун, Теология гIелмуги цIалун, ГIарабияб ракьалда, имамлъун. Эмен Заирбегицаги, бухгалтерлъи гьабе дир вас, радал къватIиве, къасде рукъове, къадруяб хIалтIи бугоян абун батизеги бегьула, гьеб дида лъаларо. Эбел Гьадигатица, гьай-гьай, абиларищха, щколалда дунги йиго, дур гIагарлъиги буго, гIадамаца хIурмат гьабулеб хьулухьги буго, бище мугIалимлъиян. Киназухьго гIенеккулеб гIамал бугев Шамсудинил, жиндирго пикру, Педуниверситеталде кьуна документал. Бегьулаан цIализе, гIодов вичан, бакь аги, къо аги, къоло щуабилелъ стипендияги щвагиян. Шамсудиница педуниверситет лъугIизабуна, багIараб дипломалда ва вусана росулъе. Росулъги санагIалъаби камуларо, ах-хур боцIи-панз, школалда дарсал лъугIигун, метер лъагIан лъицаго рахIат хвезабуларо, дуйго бокьараб гьабе. Гьелъул гIаксалда Шамсудиница рукьал гурана, тIуранго пикрабигун къасдалги, руссинаруна школалде ва гьелда хурханщиналде. Щайдай гьесие гьеб гьедигIан гIадахъ босулеб, суал кьечIо дица. Щай гурелъул гьеседа гьелъие жаваб кьезе лъазе букIинчIо. Гьес гьелъул пикруги гьабулеб батизе гьечIо. Гьес гьеб, мухьдахъгун, Шамсудиница рихьдае гьабулеб гьечIо, гьай-гьай гьесие харжги буго хутIаразул гIадин,тартибгун тадбирги буго. Амма гьасул бидулъ бессун буго, жиндирго хIалтIудеги, тIаса бищараб пишаялдеги рокьи. Лъебералда лъабго сон барав Шамсудин, исана Россиялда ругел мугIалимзабазда гьоркьов лъикIавиланги рикIкIун, кIинусазарго гъурущ бачIана сайгъаталъе, В.В.Путиница. Исанаго вихьизавун вуго, Президентасул гранталъе «Дир росу маданияталъул зани» абураб ахIиялда гьоркь. Гьоркьиса Шамсудиница гIахьаллъи гьабуна «мащук-2014» абураб тIолабго Россиялъул гIолилазул форумалда. Гьенибги гьес бихьизабуна» культурное наследие Ботлихского района». Исана Гандиб мухьалда ЕГЭ тIобитIизе тIад къан букIана Шамсудинида. Щай, щивго батIияв, тIокIав чи гьечIогунищ? Гуро, вацIалъигун-ритIухълъи, лъидаялигоялдасан гьесул тIокIаб букIун, тIад къараб ишалъе, ишан ккун гIужда тIубазабулеб хасиятги бугелъул. Лъай – гIакълуялъул нилъеца тIадехун рехсана, багIараб диплом. Исана хьул буго гьав гIолохъан чиясул аспирантураялде лъугьине, регIун хутIичIилан, гIайиб гьас жиндаго чIвана. ГIандиб мухьалъул киналго цIалдохьабазде, мугIалимзабазде, дирекциялде, Шамсудинил саламги, сахлъигун рохел, гьариги буго. Хасаб салам Ильясиде ва росдал жамагIаталде. жиндирго кьахьадерил гьикъидал, гьез гурищдила жив гьаб даражаялде вахинавуравилан гурони жаваб батичIо. ТIагьир Юсуповичги, Сайпу ХIажиевичги, веццун тIубазабун тезеги бегьилаан, гьезги гIемер кумек гьабуна ва гьабула дие. Коллектив буго нижер сангарги, къолденги, къо ккаралъур ратулел, рагIульги, ахIульги, эхетарал мугъ чIвалеб кьуро. Кьеги гьезие жегиги, жигаргун-гуч, гъункива гIелмудал гIурулъ лъедолел хутIаги.

**Адам Аврав**



# КУБАНАЛЪУЛ ГIАТIИЛЪИ, ГIАНДАДЕРИЛ БОРХАЛЪИ



*Свинтицкая Анна Ивановна 10.01. 1926 года рождения, окончила Майкопский государственный учительский институт в 1947 г. по специальности биология – география.*

**Лъабкъого сональдасан Анна Свитницкиялъул ракIалде щвеял ва гьейги цее чIезаюн дирго пикраби.**

В Дагестан была направлена Минпросв. на работу. Отработать надо было 3 года по направлению, кто без уважительной причины не ехал по направлению того судили, говорили, что мол вас государство учило, а теперь вы езжайте учить Дагестанцев. Из Махачкалы до Ботлиха ехали на грузовой машине целый день, очень страшно было видеть с одной стороны горы, внизу ущелья, ведь мы выросли на раздольной и привольной Кубани.

После августовского совещания меня направили в с. Анди, вещи наши (чемоданы) на арбе запряженной двумя быками увез андиец, а нам дали проводника Гаджиева Султана, с которым мы шли целый день пешком до Анди. При этом у меня были босоножки на высоком каблуке, когда ноги болели, я туфли снимала и шла босиком, но от мелких камней тоже ноги болели, так мы к вечеру еле дошли до села. Поднявшись в село плакали, когда увидели каменные высокие серые стены (как в тюрьме) дома с земляными крышами, только в школе была крыша покрыта железом и больницу построили под крышей в 1946-47 г. Утром пришли в школу - это была семилетняя н/средняя школа, директором был Баязов Рамазан (покойный) хороший был человек, а завучем был Умаханов Халидбег (гагатлинец), его жена Асильбика преподавала русский язык в старших классах, они окончили Буйнакское педучилище. В начальных классах работали учителями андийцы, окончившие 7 классов в этой школе (Халиков Мовлидгаджи, Темирханов Темирхан и др.). Русским языком владели слабо, а ученики плохо. Книг, тетрадей не хватало, ученики плохо понимали по-русски, на доске 3-4 строчки из темы урока, если напишу, это не могли выучить. В классах топили небольшие железные печки. Топливом был кизяк, который школа покупала у сельчан. Они на санях, запряженных быками, привозили к школе. Ежедневно посещали на дому учащихся, даже сельский совет штрафовал родителей, злостно не посещающих учащихся.

В школе я работала 40 лет в 1987 г. оставила работу по состоянию здоровья, т.к. 2 раза попала в автоаварию

С мужем Албегаджиевым Д. прожили 55 лет, он тоже работал в школе учителем труда. В 2002 г. муж умер.

Бывшие мои ученики работают учителями, врачами, ветврачами, финансистами.

В Анди я живу 67ый год, видела и хорошее и трудности большие.

В настоящее время жизнь андийцев и всех дагестанцев сильно изменилась в лучшую сторону, хотя еще есть много трудностей в горах. В горах жить можно, здесь чистый воздух, вода, альпийские луга, экологически чистые продукты, летом не сильно жарко, но зимой холодно, когда бывает пурга.

Когда я приехала в Анди в 1947 г., здесь не было фруктовых деревьев, не садили никто лук, чеснок, капусту и др. овощи.

Впервые лук, чеснок, капусту посадила я на клочке земли 5-6 кв.м.

Дома у андийцев теперь крыты железом и шифером, красиво отделаны, за исключением единиц с земляными крышами, современная мебель в домах, у многих есть машины, есть частные магазины. И это хорошо.

Пословица говорит – забудь, что ты делал хорошее (добро) другим, а помни всегда, что тебе делали добро.

«Дида лъала эбел цо йикIунейлъи, цогидаз кидаго гьей хисунгутIи» Р.ХIамзатов.

Жакъа Аннал рес букIана тIад юссине Кубаналде, Кавказалъул чадил, богIол ва бахчабазул ВатIаналде. Ва ратила гьелъул гьенир хутIараб гIагарлъи, гIолохъанлъи араб, росу, станица, яги хуторгун шагьар. Щибго гьечIониги, гьениб буго гьелъул эбел-инсул хобал. Харадунирниги жидерго ракьалде руссунилан, санал анагIан макьилъги цебе тIамулилан абулелъул Аннадаги рихьулел ратила макьабиги, бокьулеб батила Кубаналъул гIорхъаби рихьуларел гIатIидал ракьалги, ракьалдаго «алжанлъун» рикIкIунел, Анапа, Алушта, Сочи гIадал курорталги.Кинабго гьеб букIана, буго ва хутIизеги буго, макьилъ, анишалъ, швезе анани,урхъи буссараб сапаралъул ракIалде щвейлъун. Ракуда гIодор ругел чIимхаца хIатIал унтун гуребги, ганчIилал къадазги, къватIахъ бугеб ракул махIальги, магьал раччун рачIунел гIандадерил руччаби дандчIвадалги. ЧIечIого рес щиб гьалъул гьаний, лъабго сональ хIалтIичIони, хIинкъизаюн йигелъул туснахъ гьайилин. Гьале лъабкъоялда анцIго сон тIубазехъин буго Аннал, Андийкалъун яхъаралдасан. Нолъ сагIат кIиго тIубадал, Россиялъул каналалдасан «Салам мугIалим» абураб передачаялда йихьана дида, Анна. Долъул гIурус мацIалъулъцин, гIандадерил чвахи букIана. «ЧохтIо» ян кечI хъварав ЦIадаса ХIамзат «ЦIиял ГIандалги» рихьизе, гIадатIа Аннал къан бугеб кIазги бихьизе, бокьилаан вачIине, цIидасан ГIандиве. ЦIияб цоги асар хъвазе, Аннал мисал лъураб ссарин ахIизе. Сордо бащалъулеб гIуж, ГIандиб росу кьижун буго,



бакараб цIаги, цIетIа лъун лахI чIегIераб хъазамги, хъизаналъе хьагиниб рехараб бакъвараб гьанал, Аннае магIарзул къалаца къабул гьабичIеб махIги, михир бачинчIони, гIекколеб рукъги, рагIи гIурус мацIалъул лъаларел лъималги, Гьале «Здравствуй» абун Аннада данд чIвараб, чIухIараб ГIандиб.ГIодосан лъелго, Болъихъа эхеде яхунелъул, эгъе халатал босоножкаби, рахъун кодор ккун, кирщида разе ккана. РекIелъан жанисанго, жий щайдай эбелалъго гьаюнадаян, гьаричIодай пикраби Аннаца?. Гьанже гьебги балъголъилъун хутIила нилъее, дицаги гьикъиларо, гьелъги бицинаро. Божизе кIола гьей гIодараблъи, кьиндалил гьогьеналъулъ, добго ракул махIги, добго бакъвараб гьанал,гьанже Аннае гьуинаб тIагIамги буго, тIохазда маххги буго, нухазда хъилги тIуна, хъвараб кодекс гIадаб ГIандадерил гIадат, гIодоб рехуларо, хвезе кканиги, хасго Анна Ивановна Свитницкаялъ. КватIараб сардил гIуж, какикь жоялдаго гьапуллъун йихьула, бахьинаб гьумералъул, ригь арай гIадан. Дирго пикрабазулъ дица гьей тана, Анна йигилан, Аллагьасде гьардолей, дир росасул мунагьал чураги, дир лъималазе имангун-ияхI, сахлъи кьейилан. Соролел кIутIбуца шурулеб буго, бетIергьан Аллагь цIунеян, ГIандиб росуги.

# МИЛЪИРШО

**Исанаса тIад рала, тIадеялъул лъим хала...**



**Ибрагьимова Лайла 11кл**

***Н**ижер «Милъиршо» гьумералъул йиго цIакъ гIанчIай, аваданай, гIадамалги гIумруги, лъайги бокьулей ва цIияб жо лъазе гьираги бугей мухбир-цIалдохъан. Гьелъ ният гьабун буго «Милъиршо.» гьумер гьоркьоб ккун районалъул школабазул цIалдохъабазул махщел - гьунар газеталда бахъизе. Гьединан ц1алдохъабазе рес щвезе буго жидерго кучIдул, маргьаби газеталда лъезе, спорталъул, цIалул рахъалъ цере тIурал цIалдохъабазулгун газета гьоркьоб ккун лъай-хъвай гьабизе. РукIине руго къецал. Гьединан нижер мухбиралъ сапар бухьана АнсалтIа росдал школалде, ва лъай-хъвай ккана г1исинал шагIиразулгун. Гьоркьехун рахъулел руго гьезул асарал.*

## Баркула!

**Шамхалова Патимат Шамхаловна**



*Дуца рарал сонал*
*гургинлъаниги*
*Горал нолал гурел*
*нижей хIажатал*
*ХIалтIиги,*
*тIалабги, тIадаб,*
*тIубайги,*
*ТIолазго*
*рикIкIунеи, мунго*
*йикIинги.*











МагIарда тIегь гIадай, мун дир мугIалим
ТIасияб соналъги нижей хутIайги
Мун гIамал берцинай, хабарги лъикIай
Учитель, учитель рагIул берцинлъи

*Давудова Сафият*

Лъай, гIакълу дий кьолеб хирияб школа
Дур къадазда жаниб малъула дида
ГIелмуги, гIакълуги , гIадлуги цадахъ
Дида мун гIумруялъ кIочене гьечIо

*Мух1амадмирзаева Пат1имат*

Школа гьеб ккола кIудияб дунял
РагIаллъаби гьечIеб кIудияб ралъад
Нилъ гьенир гамузда руго лъедолел
ГIакълудул кIудиял ракьал ратизе

*НурмухIамадова Жавгьарат*

Дир йиго мугIалим лъикIай, хIеренай
ГIакълугун тарбия нижее кьолей
ЧIухIадго рехсола дица гьелъул цIар
ХIайнат Инусовна баркала дуе

*ХIайбулаева Хадижат*

Нижер йиго учитель
Эбел гIадай хIеренай
Нижеда гьей кидаго
Щакъ хIеренго кIалъала

Щибаб дарс гьелъ мухIканго
БичIчIуледухъги кьола
Диеги гьей йокьула
Дир Сидрат Ахмедовна.

*ГьитIинх1ажиева Зугьра*

Дие гIакълу кьолеб, гIелмуги кьолеб
ТIахьалгун гьудуллъи дида малъулеб
Дир къиматаб школа, хирияб школа
Къулула дун дуе гIагараб школа

*Сиражудинова Зугьра.*

НижергIан гьайбатаб школа бугодай
Героясул цIаралъ гвангъизабураб
Учительзабиги гIезегIан руго
ГIелмуги лъикI лъалел лъайги камилал

*Къурбанова Марьям*

ХIайнат Инусовна мун дир мугIалим
Лъаялдалъун къоял къалъизарурай
Дуца къуна нижей тарбия гIакълу
Хъвазегун цIализе малъана дуца

*ГIубайдулаев АхIмаднаби*

ХIайнат Инусовна, мун дир мугIалим
Дие кIиабилей эбеллъун лъана
Мун гIадин хирияй гьечIо дий щалго
Дида мун кидаго кIочон теларо

*МухIамадова ПатIимат*

КIиабилей эбел йиго мугIалим
ГIелмуги гIакълуги дида малъулей
НасихIатал гьарун мисалал рачун
ЛъикIабщинаб дида лъазе гьабулей

ЦIализегун хъвазе лъазе букIинчIо
Дуца лъайгун гIакълу кьечIебанани
Баркала мугIалим баркала дуе
Мун кIочен теларо кидаго дида.

*НурмухIамадова Марзият*











16 октября в актовом зале управления образования АМР «Ботлихский район» состоялась отчетно - выборная конференция профсоюзной организации работников образования.Единогласным решением делегатов Конференции на итоговый 5 летний срок переизбран Кадыров Аслан Тагирович.
С чем и поздравляем.

# ШКОЛАЛЪУЛ МАСЪАЛАБИ ЧIАХIИЯЛ РУГО

ТIолабго улкаялдаго гIадин исана тIоцебесеб сентябралда районалъул нус-нус васазегун ясазе школаз рагьана жидерго нуцIби. Гьезул щивасда гьваридго бичIчIана цIализе, цIализе, цIализе ва цойги нухалъ цIализе кколеблъи. Дунялалъулго захIматчи, халкъалъул вождь ва учитель В.И. Ленинил гьел рагIабазул кIвар ва магIна жакъасеб заманалда анцIго, нусго нухалъ цIикIкIуна. Гьединги ва гIадат хIисабалдаги тIоцебесеб сентябрь щибаб соналда лъималазе лъугьун буго лъагIалиего цIалулъ сабруги, кIвар буголъиги, хIаракатги, гьеб кинабгоялъул качество борхиялъеги ва жидерго характер лъадариялъеги байбихьулеб къолъун.

Гьеле, гьединлъидалин Лъаялъул къо улкаялдаго гIадин районалдаги кIодо гьабулеб хириял байрамазул цояб кинигин. Кьер-кьерал ва берцинал тIугьдузул квацIабаз берцин гьарула гьеб къоялъ школазул азбарал ва гьенире ракIарулел цIалдохъабазгун учительзабаз. Гьениб щивасулъ букIуна рохалилаб гьими, гьенир рукIуна хинал ва нухбитIиялъулалгун насихIатлъиялъулал рагIаби.

БатIаго гьеб къо рохалилаблъун букIуна тIоцере школалъулал партабазда нахъа чIезе ругезеги ва лъаялъул захIматаб, амма интересаб цIалул соналде иргадулаб гали босулезеги.

Амма гьениб бищунго кIвар бугеблъун ккола гьеб захIматаб нухалда цIалдохъабазул хьолбохъ лъай кьезе гуребги, гьел битIараб нухде иналъеги малъа-хъвазе бажарулелги, жидеда божизарун ругезулъ тIабигIияб гьунар рагьизеги, бихьизеги бажарулел, гьел жидеего гIадин цогидазеги лъикIлъи бокьиялъулабги ва ритIухълъиялъулабгун рацIцIалъиялъулаб кьучIалда ва заманалда рекъон гIумру гьабизе бажарулеллъун гьел цIализаризе бажарулел гIакъилал ва тIалаб-агъаз бугел учительзаби рукIин. Гьединал педагогал анцI-анцI нус-нус руго районалда.

«Учитель» абураб хIурматияб рагIул кигIан кIудияб магIнаха бугеб! Гьединлъидалин абураб довго захIматчи, халкъалъул вождь ва учителас: « Учителасул къадрукъимат борхизабизе, борхизабизе ва жеги борхизабизе ккола»,-ян. Учителас цIалдохъаби рачуна лъимерлъиялъул, гIолохъанлъиялъул захIмалъабазе къуркьизе течIого церехун. Щибаб къоялъ цIалдохъабазе жидерго лъай кьеялда цадахъго гьезулъ лъолеб буго жидерго рекIел хинлъиги тIалаб-агъазги. Гьеб ккола щибаб къойилаб бихьулареб гьунарлъунги, бахIарчилъилъунги.

КIудияб талихIлъун ккола лъимералъе нух бихьизабулеб цIвалъун вукIунев, гьев унго-унгояв инсанлъун лъугьине квербакъулев учитель дандчIвай.

Гьединал, жиделъ педагоглъиялъулаб махщелги, гьунарги, цIалдохъабаздехун унго-унгояб хIакъикъияб рокьиги, тIалаб-агъазги, рухIияб рацIцIалъиги ва свин гьечIеб хIаракатчилъиги бугел учительзабиги анцI-анцI руго районалъул школазда. Масала, гьединазул цояйлъун ккола Болъихъ №I гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъулгун литератураялъул учительница ИзмагIилова Хадижат ГIабдулмуслимовна .

Гьелдаса рази рукIуна цIалдохъабиги ва гьезул эбел-эменалги. Гьелъул рахъалъ гьез абулеб буго: Хадижатица цIалдохъабазе гIурус мацIги литератураги малъиялда цадахъго кIудияб хIалтIи гьабулеб буго гьел унго-унгоял гIадамаллъун гьариялъеги, гьезулъ районалдехунги, Дагъистаналдехунги ва гIагараб улкаялдехунги унго-унгояб рокьи бижинабиялъеги ва умумузул бахIарчиял ишазеги гIакълуял васиятазеги ритIухъаллъун гIезариялъеги.

Районалда гьединал педагогал цIикIкIарабгIан цIикIкIун квербакъи гьабулеб буго гIун бачIунеб гIел лъай бугеллъунги нравственнияб рахъалъ бечедаллъунги рукIиналъе.

Гьединаб къагIидаялда гIун бачIунеб гIел гIезабиялъе кинабго гьабулеб буго пачалихъалъги, хасго гьелъул бетIер В. Путиницаги. Хасаб кIвар кьолеб буго цIалуегун тарбия кьеялъеги, физическияб рахъалъ церетIеялъеги хIажалъулел шартIал гIуцIиялъул рахъалдеги. ХIатта, гIуцIун буго байбихьулал классазул цIалдохъабазе, школалда цо нухалъ хинаб квен кьей , школаздаса рикIкIад ругел лъимал хасал машинабазда школазде раччи гIадал тадбирал. Учительзабазе цIикIкIинарулел руго харжал.

ГIун бачIунеб гIелалъе лъай ва тарбия кьеялъул качество борхизабиги гьелъие школазда хIажатал шартIал гIуцIиги гIадаб масъала районалъул бетIер М. ПатхIулаевас лъолеб буго районалда церечIарал приоритетниял масъалабазул цебесеб кьерда. Гьелъ бицунеб буго жакъа цIалдохъабазе кьолеб лъаялъулги тарбиялъулги качестваялъул даража борхизабиялъул бугеб кIваралъул. Ва гьеб тIалаб жибго гIумруялъ цебе лъураб букIинги бихьулеб буго жакъа дунялалда кколел ругел хиса-басияздасанги гIелму бахун бугеб борхалъиялдасанги.

Нилъер районалъул бетIерасго гIадин лъаялъулги тарбия кьеялъулги качество борхизабиялъул бугеб кIвар цебесеб кьерде бачун буго Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасги. Гьеб бичIчIунеб жоги буго, щай гурелъул, гьваридаб лъаялдаги нравственнияб борхалъиялдаги бараб буго район, республика, улка цебетIеялъулги ва гьелъул кьучIалда гьелъул тIолалго гIадамазул гIумру цебетIеялъулги къисмат.

Гьеб кIвар бугеб масъала тIубазаби цIикIкIарасеб къадаралда бараб буго гIун бачIунеб гIелалъе лъайги тарбияги кьей гIадаб кIудияб кIваралъул иш жидеда божизабун ругел учительзабазда гьезул жидерго лъаялдаги ва нравственнияб борхалъиялдаги, узухъда, гьел качествабазде балагьун кадраби тIаса рищиялдаги.

Гьеб кинабгоялдаса гIодобегIанаб кIваралъул гьечIо школаги цIалдохъабазул эбел-эменалги гIун бачIунеб гIелалъул къисматалъе гIоло цадахъ рекъон хIалтIиялъул. Гьез гьеб балагьизабизе ккола жалго цIалдохъабазул хIаракатчилъиги гьунарги гIумруялъулаб жавабчилъиги цIикIкIинабиялде.

Араб цIалул соналъул хIисаб гьабидал учительзабазул коллективаздаги, цIалдохъабаздаги мукIканго бичIчIун батила лъай кьеялдегун цIалиялде бугеб жакъасеб тIалабахIи ва гьелъие мустахIикъаб жаваб кьезе ккани чIахIиял масъалаби цере чIун рукIин исанасеб цIалул соналда. Гьел масъалаби бергьенлъиялда тIуразариялъе тIолалго цIалдохъабазулъ ва учительзабазулъ тIоцебесеб сентябралда рижарал къасдал бергьенлъиялда, гIумруялде рахъинариялъе квербакъайги Аллагьас. Амма гьелъие чара гьечIого хIажалъула цIалдохъабазулги учительзабазулги щибаб къойилаб тIадчIараб ва нахъе къалареб захIмат.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

# ЛЪИМЕР ГЬАБУРАБ КЪОЯЛДАСАГО КУЦАЗЕ ККОЛА

**Эбел-инсул адаб цIуне**
**ЦIикIкIарасул адаб гьабе**
**Хъизан-лъимал тарбия кьун**
**Тартибалда ругьун гьаре.**
***ЦIадаса ХIамзат.***

Лъималазе битIараб тарбия кьеялъе эбел-инсул хьвада-чIвадиялъул ва гIамал-хасияталъул кIвар цIикIкIараб букIуна. Буго гьадинаб умумузул кициги: «Лъималазе инсул букIунеб асар мугIруздаса борхатаб, эбелалъул асар океаналдасаги гьваридаб».

Бищунго цебе лъимералъе цIикIкIараб асар гьабула инсулги эбелалъулги цоцаздехун бугеб гьуинаб гьоркьоблъиялъ.

Эбел-инсуца щибгIаги жо гьабеян цоцаздехун яги цогидав чиясде абулеб бугони, гьеб хIеренго абуни лъикI букIина. КIалъалелъулги каламалда гьоркьор рекъарал бакIазда адабалъул: «дуе талихI кьеяв», захIмалъичIони», «баркала»,-ян абулел рагIабаздалъун кIалъазе жалгоги лъималги куцани лъикI букIинаан.

Гьединал рагIабаз калам берцин гьабула. Кинго рекъон букIинаро чIужуялдехун росас яги гьелъул гIагарлъиялъ: «Йо, ле херай яги херав»,-ян ракIбелъун абулел рагIаби. Лъималазда цере гьединаб къагIидаялъ хъизангун гаргади цIакъ къабихIаб пишалъун рикIкIуна дица, щай гурелъул, лъималги ругьунлъулелъул гьединабго хьвада-чIвадиялде.

Лъималазе тарбия щвеялъе квешаб асар гьабула эбел-инсуца гьезда цере цогидал гIадамал какулел яги гьезда хьандолел ругони, лъимал гьереси бицине тIамулел ругони.

Эбел-инсул налъи ккола жидерго лъимал захIмат бокьиялде ругьун гьари. Лъимал гьитIинго куцазе ккола цогидал лъималазулгун гьудул-гьалмагълъи кколеллъун, рукъалъул хIайваназде рокьи бугеллъун. ТIабигIат бокьи ва гьеб цIуни щивав инсанасул борч букIин лъималазда бичIчIинабизеги тIадаб буго эбел-инсуда. РукIуна цо-цо кIудиял чагIи азбаралда бугеб гьветI-хералдаса тIамах тIуниги ахIи-хIур бахъинабулел. Гьеб лъикIаб гIамал-хасият гьечIо. Цо-цоялин абуни тIубан гьотIол гIаркьалаби реканиги, огородалъул батIи-батIиял овощал мерхьаниги рагIи абуларел ва гьеб бихьичIеб ххвел гьабун чIолел рукIуна. Гьебги лъикIаб хасият гьечIо. ГIадлу-низам ва берцинаб хьвада-чIвади лъималазулъ гьитIинго куцазе ккола. Гьезда бичIчIинабизе ккола рекъечIеб иш гьабизе бегьулареблъи. Гьединан бичIчIинабичIони гьез хадусала гьелдасаги квешаб сурукъаб пиша гьабизеги бегьула. Эбел-инсуцаги, чIахIиязги, учительзабазги кIвар кьезе ккола школалъул гIумруялда ругел цо-цо лъималаз гьарулел рекъечIел расандабазде. Гьанибго рехсей гьабизе бокьун буго цо-цо цIалдохъабаз дарсида чIванкIиялда чIамулеб буго сакъисалъул, чIучIулеб буго семечкалъул. ЛъикI букIинаан рокъоб эбел-инсуца лъималазда бичIчIинабуни гьеб сурукъаб пиша букIин. Цебе заманалда улбуз, кIудабаз жидедаго лъимал гIенеккизаризе гIоло хIалае ахIулаан дунялалдаго гьечIел «щайтIабиги, жундулги», гьединго хIинкъизарулаан «хъартай» ячIуней йигин абун. Цере лъимал хIинкъизарулаан сардил бецIлъиялдасагицин. Дица гьеб рикIкIуна мекъаб тарбия кьейлъун. Лъималазе тарбия кьезе ккола битIараб, хIакъикъаталда данде кколеб гIелмуялъул кьучIалда. Вас кIудияв гIунагIан, цIикIкIуна гьесул инсул жавабчилъи. Инсуца куцазе ккола васасулъ унго-унгояв бихьинчиясулъ рукIине кколел хасиятал. ТIалаб гьабизе ккола гьес гьел тIуразариялъулги. Инсулги васасулги ракI рагьараб гара-чIвариялда щибго бащалъуларо. Гьединлъидал чара гьечIого хIажатаблъун ккола бихьинчиясул гIумруялъул бальголъабазул рахъалъ васасе гIакълу кьезе.

Эбелалъулги руго яс кIудияй гIунагIан цIикIкIунел, гьей куцаялъул шартIал. Цо-цо хъизамалда кIвар кьоларо ясалъул ретIакъаялда, гьелъул гьудулзабазда. Амма гьеб кинабго лъай кIвар бугеб жо ккола. Гьелъ кумек гьабула гьезие битIараб тарбия кьеялда. Васалго гIадин ясалги киданиги гогьдаризаризе лъикIаб букIунаро. Гьединаб тарбия кьурал лъимал кIалзулъ рахъуна, какула. Гогьдаризариялъ гьезулъ лъикIаб хасият куцазе зaралги гьабула. Гьел лъугьуна чIухIарал, гIамал кIудиял, тIаса ккаралльун. Нилъеца гIисинал лъималазда гIемер цIехола дуе щив лъун вахъине бокьилебан абун. ГIемерисез жаваб кьола шоферлъунилан. Жидерго рагIаби тасдикъ гьаризе гIадин гьел квераз машинабазул руль кквезе кIвapaлдаса нахъе машина бачине рекIуна.

Цо-цояз абула, «летчик» вахъине бокьилилан. Узухъда, лъималазе техника бокьула. ХIалтIи квешабги лъикIабги букIунаро. Кинабго бараб букIуна чиясе махщел бокьиялде. Бокьулеб ишалда гIадамасул гIакълуги цебетIола, кверaлги дурусго хIалтIула. Кинаб ишалда хIалтIулев вугониги, нух батула цевехун ине.

***М-К. АБАКАРОВ,***
***Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул математикаялъул учитель.***

# РАГЪУЛАБ ХЪУЛУХЪ ГЬАБИ-ТIАДАБ НАЛЪИ

**Республикаялъул рагъулаб комиссариаталъул Болъихъ ва ГIахьвахъ районалъул начальникасул ишал тIуралев ГIабдулгIазизов Ильяс ГIабдулгъапурович**

*-Ильяс ГIабдулгъапурович, лъалеб букIахъе, районалда унеб буго рагъулаб хъулухъалде гIолилазул хасалихълъиялъул призыв. Кинаб болжал гьелъие бихьизабун бугеб ва кинал тадбирал гьенире гьоркьоре унел?*

-Россиялъул Президентасул 30.09.2014 соналъул №647 Указалдаги, Россиялъул оборонаялъул Министразул 30.09 2014 соналъул Приказалдаги, районалъул бетIерасул 01.10.2014 соналъул Постановлениялдаги рекъон, нижер отделалда призывалъулаб комиссиялъул хIалтIи байбихьана гьаб соналъул 1 октябралда ва гьеб халат бахьине буго 2014 соналъул 1 декабралда щвезегIан.

Призывалъул хIалтIи берцинго рагIалде бахъинабиялъе нижер отделалъ гьаризе кколел тадбиразул аслияблъун ккола гIолилазул мухIканго медициналъулаб хал-шал гьаби. Узухъда, гьелъие чара гьечIеб шартIлъун ккола ахIараб къоялъ гIолилал призывалъулаб комиссиялде рачIин. Гьединго, рагъулаб хъулухъалде ине рихьизарурал гIолилалги жиндир заманалда рачIине ккола нижер отделалде.

*-Призывалъулаб комиссиялде гьоркьоре щал унел?*

-Республикаялъул хIукуматалъ гьабураб хIукмуялда рекъон хасалихълъиялъул призыв тIобитIиялъе районалъул пачалихъиял идарабазул хIалтIухъабаздасан гIуцIун буго комиссия. Гьединго, районалъул бетIерасул Постановлениялда рекъон, призывалъулаб комиссиялде гьоркьоре уна медициналъулаб хал-шал гьабиялъул рахьалъ махщел бугел тохтурзабиги.

*-Хасалихълъиялъул призыв тIобитIиялъулъ ругищ хасаб кIвар кьезе кколел рахьал?*

-Хасалихълъиялъул яги ихдалил тIобитIулеб батIалъи гьечIого призывалъул хасаб кIвар кьезе кколел рахьал, узухъда, кидаго рукIуна. Гьаб октябрь-декабралъ тIобитIулеб призывалда нижеца аслияб кIвар кьолел суалал руго:

-рагъулаб хъулухъалде унел гIолилал командаялде рикьулеб мехалъ нижеца хIисабалде босула гьезул кинаб махщел (специальность) бугебали. Гьезул махщел къваригIунеб команда данде ккезабун рикьула призывникал.

-Россиялъул Минобороналъул ва Югалъулаб рагъулаб округалъул бихьизабиялда рекъон, рагъулаб хъулухъ гьабизе унел гIолилазе кьола банкалъулал картаби.

ТIадегIанаб лъаялъул цIалул заведенияби лъугIун рачIарал ва армиялде инчIого рукIиналъе законалде данде кколел шартIал гьечIел гIолилал, гьезие щвараб махщелги хIисабалде босун рикьула командаялде. Законалъ рагъулаб хъулухъалде иналдаса эркен гьарурал гIолилал нижецаги армиялде ритIуларо.

*-Призывалъулаб комиссиялде кинаб категория гIадамазул нужеца ахIулеб?*

-Призывалъулаб комиссия гьабизе рачIине ккола 18 сон тIубарал гражданал. ЦIалун лъугIизегIан, яги цогидаб гIиллаялдалъун рагъулаб хъулухъалдаса эркен гьаруралги



гьеб комиссия гьабизе чара гьечIого рачIине ккола.

*-Рагъулаб хъулухъ гьабизе щал нужеца ритIулел тIоцебесеб иргаялда?*

-ТIоцебесеб иргаялда армиялде нижеца ритIула МахIачхъала, Хасавюрт, Буйнакск, Кизляр, Дербент шагьаразда ДОСААФалда цIалун рагъулаб махщел щваралги, тIадегIанаб лъай щваралги, моралиябгун нравственнияб ва сахлъиялъул рахьалъ данде кколелги гIолилал.

*-Гьаб ахираб заманалда гIемерал гIолилал кколел руго бандгруппабазде гьоркьоре.*

*Рагъулаб хъулухъ гьабизе ритIулел гIолилазул гьеб рахьалъ хал гьабулищ нужеца?*

-КигIанго нилъее бокьичIониги, хIакъикъаталдаги руго хIужаби нилъер гIолилал мекъаб нухде ккеялъул.

Рагъулаб хъулухъалде ритIулел киналго гIолилазул мухIканго хал гьабула бандгруппабазулгун хурхен бугищали ва такъсириял ишазулъ гьезул кинабгIаги гIахьаллъи бугищалиги.

*-Северияб Кавказалъул, хасго Дагъистаналъул призывниказул, гIемерал кколел руго рагъулаб хъулухъ гьабизе араб бакIалда законалде данде кколарел ишал гьариялъул хIужаби. Нужер отделалъул ругищ киналгIаги ресал гьединал лъугьа-бахъинал рукIалиде рачиналъе?*

-Нилъер республикаялдаса рагъулаб хъулухъалде ахIаразул рекъечIеб хьвада-чIвадиялъ рачунел руго цадахъ хъулухъ гьабулезул ва командованиялъул рахъалъ рокъукълъи бижинабиялде. Гьелъги батила Дагъистаналдаса призывниказул къадар дагь гьабураб. Жакъа Республикаялъул Рагъулав комиссарас гIемераб хIалтIи гьабулеб буго Дагъистаналдаса призывниказул къадар цIикIкIинабизе. Амма гьес абулеб буго нилъер призывниказул къадар цIикIкIинабизе бугила рагъулаб Уставалъул тIалабазда рекъон хъулухъ гьез гьабизе батани. Гьес гьединго абуна нилъер призывниказда бичIчIизе кколила гьезул гIадлу-низамалъул, хьвада-чIвадиялъухъ балагьун къимат кьолеблъи тIолго Дагъистаналъеги дагъистаниязеги, гьединлъидал призывалъулъ гIахьаллъизе кколила пачалихъалъул структурабиги, ветераназул ва общественниял организациялги, умумулгиян.

*-Нилъер районалдаса призывникас закон хвезабураб, такъсирияб иш гьабуни, масала, нужер отделалъ щиб гьабизе бугеб?*

-Нилъер районалъул призывникас законалде данде кколареб иш гьабуни, гьес хъулухъ гьабулеб бакIалде ритIула гьесул поручителал (жаваб кьолел чагIи), солдатазул умумузул комитеталъул ва бакIалъулаб управлениялъул вакилзаби. Гьез гIахьаллъи гьабизе буго часталъул командованиегун цадахъ ккараб лъугьа-бахъиналъул хал-шал гьабиялъулъ.

Нижерго ругел ресазда рекъон, нижеца хIаракат бахъула гьединал лъугьа-бахъинал рукIалиде рачиналъе.

*-Рагъулаб хъулухъ гьабулеб бакIалде призывник лъица щвезавизе кколев?*

-Рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъанас бакIалъулаб управлениялъул вакилгун цадахъ призывниказул команда щвезабула МахIачхъалаялда бугеб республикаялъул призывалъулаб пункталде.

*--Нилъер гIолилаз рагъулаб хъулухъ кин гьабулеб бугебали лъазе рес бугищ общественносталда яги официалиял органазда?*

-Нилъер гIолилаз рагъулаб хъулухъ гьабулел частазул командованиялъ рачIарал баянал нижеца щвезарула солдатасул эбел-инсухъе, росдал администрациялъул ва районалъул бетIерасухъе.

Гьанибго абизе бокьун буго рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъабаз жаваб кьезе ккола призывалъул норма тIубаялъул, призывалъул комиссиялде рачIарал гIолилазул мухIканаб медициналъулаб хал-шал гьабиялъул рахьалъ.

Рагъулаб хъулухъалде ахIарал гIолилазул эбел-эмен, гIагарлъи призывалда хурхараб бокьараб суалгун рачIине бегьула военкоматалде. КIвараб кумек нижеца гьабила бачIараб суал роцIцIинабиялъе.

**-Баркала, Ильяс ГIабдулгъапурович, чIванкъотIарал жавабазухъ. Гьарула нужее иргадулаб призыв тIобитIиялъулъ икъбал. Нилъер гIолилазеги гьарула мустахIикъаб хIалалъ рагъулаб хъулухъги тIубан, сах-саламат рокъоре тIад руссине.**

*П. ДИБИРОВА.*


**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж 1000*

*Газета гIуцIарал:* Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор* Г. ГIумаханов

*Редакторасул заместитель* А. Агъларов

*Жавабияй секретарь* З.ГIумарова

*Отделалъул редакторал* Ш. Лабазанов, П. Дибирова

**Мухбирзаби** З.МухIамадова/М.ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*